

La Bib pou ti moun  
prézanté



Ti fi ki  
te viv de  
fwa a



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Janie Forest  
Alastair Paterson

Adapté pa : Ruth Klassen

Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children  
[www.M1914.org](http://www.M1914.org)

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,  
dépi sé pa pou van-n ou fè li.



Jayiris se te yon juif, chèf sinagòg la, ki te konn adore Bondye epi anseye lòt moun Pawòl Bondye a. Yon jou, yon gwo pwoblèm te rive li. Pitit fi douzan li te renmen anpil la te tonbe malad. Sanble pèsonn pa te kapab fè anyen pou li.

Se te yon gwo maladi, Jayiris te konnen pitit fi li a t ap mal mouri.



Se yon sèl moun ki te kapab ede pitit fi Jayiris la.  
Jayiris te soti al chache Jezi epi mennen l lakay li. Li  
te konnen byen zanmi li yo nan sinagòg la pa t  
ap dakò ak li. Men, kimele l. Li te dwe  
jwenn èd anvan pitit fi

li a mouri.



Jayiris te jwenn Jezi  
antoure ak pèp li a.



Yo te ajenou  
nan pye li.  
"Pitit fi mwen  
an lòt bò a  
nan kwen an,"  
nonm lan te  
sipliye li.  
"Vini non,  
poze men w  
sou li pou l ka  
geri epi pou l  
viv."





Jezi t ale avèk Jayiris.  
Men, yo pa t ap mache  
vit akòz foul la. Te gen  
yon fanm ki te malad  
depi douzan. Li te wè  
tout doktè (epi li te  
depanse tout lajan l) san  
l pa te geri. Oh, jan li  
te anvè wè Jezi !





Ki sa fanm sa a te kapab fè ? "Si mwenn ka touche rad li sèlman, m ap geri," li te di. Li te antre nan foul la pa dèyè epi li te touche rad Jezi.





Yon mirak ! YON MIRAK !  
Fanm nan te geri.  
Bridsoukou ! Konplètman !  
Li te konnen li te anfòm.  
Men, apre sa, li te tande  
yon vwa. "Ki moun ki te  
touche mwen an ?" Jezi te  
mande. Foul la te touche l,  
men fanm nan te konnen se  
ak li, li t ap pale. Avèk  
timidite, li te rakonte l  
tout istwa li a.



Nan moman sa a, kèk sèvitè yo te vin rive soti lakay Jayiris. Figi yo dwe te anonse tris nouvèl yo te pote a. "Pitit fi w la mouri !" yo te di Jayiris. Li mouri ! Li te twò ta. Petèt, si fanm nan pa te mete yo anreta... petèt, si... pitit fi Jayiris renmen anpil la te ale.



Lè Jezi te tande sa, li te reponn : "Pa pè, kwè sèlman, epi l ap geri." Kòm li te difisil pou li te kwè Jezi toutbonvre. Pitit fi li a te mouri.



Nan kay la, tout moun t ap kriye pou ti fi a. "Timoun nan pa mouri, men l ap dòmi", Jezi di yo. Yo t ap pase li nan betiz. Yo te konnen ti fi a te mouri.



Jezi te fè yo soti deyò, li te pran men ti fi a epi li di l : "Jèn fi, leve." Jayiris te la avèk madanm li. Twa nan disip Jezi yo te prezan. Yo tout te tande pawòl Jezi yo. Èske ti fi ki te mouri a t apral tande yo tou ?



Ti fi a te tande lòd Jezi te bay  
la! Lespri li te  
retounen, epi li  
te leve kanpe  
menm kote a.  
Jezi te  
resisite li.



Paran timoun nan te etone anpil. Jezi di yo pou yo bay pitit fi yo a yon bagay pou li manje. Ala kontan yo dwe te kontan ; ala rekonesan yo te genyen pou Jezi ! Lanmou ekstrawòdinè ak puisans li a te sove pitit fi yo a nan lanmò.



Ti fi ki te viv de fwa a

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,

Nap jwen-n nan

Mak 5, Lik 8

"Pawòl Bondyé poté limyè."

Sòm 119 : 130



Fen



Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résite priyé sa :  
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité. Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

